

Medikaman antiviral:

Medikaman ki Trete Influenza



Medikaman ki rele **antiviral yo** kapab ede moun ki deja malad avèk influenza (grip) vin refè pi vit epi evite konplikasyon danjere.

Èske yon medikaman antiviral kont grip diferan avèk vaksen kont grip?

Vaksen kont grip ap ede ou evite gen influenza (grip). Si ou deja gen influenza (grip), yon medikaman antiviral kont grip kapab ede anpeche ou vin malad grav, epitou li kapab ede anpeche ou soufri konplikasyon ki danjere. Ou bezwen preskripsyon yon doktè pou pran medikaman sa yo.

Kimoun ki ta dwe pran medikaman antiviral yo?

Men kèk nan moun ki pi arisk pou gen konplikasyon oswa maladi grav akòz influenza (grip):

- Timoun ki poko gen laj 2 zan
- Adilt ki gen plis pase 65 ane
- Fanm ansent oswa fanm ki ansent pa twò lontan
- Moun ki gen sèten pwoblèm sante, tankou:
 - Opresyon, COPD oswa yon lòt pwoblèm poumon kwonik
 - Pwoblèm kè kwonik, pwoblèm ren kwonik, pwoblèm fwa kwonik, oswa pwoblèm san kwonik
 - Dyabèt
 - Twoub newolojik ki lakòz pwoblèm respirasyon
 - Sistèm defans fèb (akòz maladi oswa medikaman)
- Moun ki poko gen laj 19 ane epi ki k ap pran aspirin pou lontan
- Moun ki obèz anpil (ki gen yon mas kò ki egal a oswa ki pi gran pase 40)

Moun ki malad grav oswa ki entène nan lopital akòz influenza (grip) se moun ki resevwa medikaman antiviral.

Si oumenm oswa yon manm fanmi ou gen sentòm grip la (lafyèb, tous, gòj irite oswa kò fèmal ak doule nan kò) epi si oumenm oswa manm fanmi an arisk anpil pou gen konplikasyon, poze doktè a kesyon sou medikaman antiviral.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb [nyc.gov](https://www.nyc.gov), epi chèche “flu antivirals”.